BAB V

KACINDEKAN, SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis dina bab IV, Ieu novél nyaritakeun ngeunaan kahirupan jelema anu milampah kagoréngan, balukarna cilaka ku polah sorangan, manéhna mikahayang ka nu lain babad mikaasih kanu lain tanding.

Téma ieu novél nyaéta ngeunaan moral, ieu hal bisa katitén tina kalakuan hiji jelema anu milampah kagoréngan, nyaéta Si Karnadi anu cialaka ku polah sorangan. Dina novél ieu ogé dicaritakeun, lamun urang milampah hiji kagoréngan tinangtu bakal meunang kagoréngan ogé, jeung deui sapinter-pinterna jelema nyamunikeun bangké lila-lila bakal ka ambeu bauna. **Galur** ieu novél téh nyaéta galur mérélé, sabab ieu novél geus nyumponan kana ciri-ciri katangtuan galur mérélé, nyaéta caritana anu ngaguluyur ti mimiti caritaan nepi ka pungkasna carita. **Latar** dina novél téh aya tilu latar nyaéta: tempat, waktu, jeung latar sosial. **Palaku** dina novél *Rasiah nu Goréng Patut*, ngalibetkeun 11 palaku. **Gaya basa** dina ieu novél téh nyaéta gaya basana gampang kaharti, najan aya sababaraha hiji babasan paribasa nu digunakeun ku pangarang dina ieu carita, gaya basa nu digunakeun dina ieu carita téh pangarang ngagunkeun gaya basa hiperbola, **Amanat** anu ditepikeun ku pangarang nyaéta, urang kudu nalipak maném, ngarumasakeun diri kurang, ulah mikahayang kanu lain layak mikaasih kanu lain tanding. Tungtungna ngabohong cilaka wé ku polah sorangan. Ulah nurutkeun teuing hawa napsu, sagala gé kudu dipikiran heula piuntungeun jeung madorotna keur urang jeung balaréa.

Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu novél *Rasiah nu Goréng Patut* téh bisa dipaké pikeun bahan pangajaran maca novél di kelas XI. Cara pikeun ngalarapkeun ieu hasil analisis pikeun bahan pangajaran téh panyusun nyaluyukeun jeung SKKD.

5.2 Saran

Dumasar kana hasil analisis jeung kacindekan, aya sawatara saran pikeun lumangsungna panalungtikan ngeunaan novél, hususna dina nganalisis struktur novél dipiharep sangkan ngaronjatna kasusastraan nu aya di Jawa Barat. Aya sababaraha saran anu ditujukeun ka : 1) lembaga-lembaga, 2) guru, 3) siswa, jeung 4) mahasiswa

1) lembaga sakola

Sakola dipiharep sangkan leuwih merhatikeun kana koléksi-koléksi novél Sunda, salila ieu lolobana novél nu aya di perpustakaan téh ngan saukur dina wangun basa Indonesia wungkul, ku ayana novél-novél Sunda di perpustakaan bisa ngagampangkeun siswa kana maca novél.

2) guru

Ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun lumangsungna pangajaran maca novél luyu jeung RPP nu geus disadiakeun dina bab IV, ngan dina ieu panalungtikan ngan saukur medar ngeunaan unsur intrinsikna wungkul, tuluy sabada lumangsungna pangajaran maca novél, dipiharep guru kudu geus ngawasa kana matéri nganalisis novél..

3) siswa

Pikeun siswa kudu leuwih resep maca novél basa Sunda, sangkan nambahan élmu pangaweruh babasan jeung paribasa.

4) mahasiswa

Ka para Para mahasiswa, analisis struktural ngeunaan novél Sunda ieu kaasup kana panalungtikan kasusastraan, dipiharep panalungtikan ngeunana analisis leuwih dironjatkeun sangkan sasatra Sunda leuwih mekar.